

# WUJUD LAN DAYA PIGUNANE PAWADAN BASA JAWA ING PASRAWUNGAN

MALIP

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

## Abstrak

Pawadan iku asale saka tembung awad kang tegese kandha ora nyata mung digawe santholan. Banjur pawadan dhewe nduweni teges salah sijine cara utawa tatacarane wong sing guneman marang wong liya supaya katon alus, ora nglarani ati, ora meksa lan ora ngasorake. Pawadan iku narik kawigaten kanggo diteliti, amarga pawadan iku kerep digunakake manungsa nalika sesrawungan.

Sing dadi underane panliten iki, yaiku: (i) kepriye wujud pawadan basa Jawa ing pasrawungan? lan (ii) kepriye daya pigunane pawadan basa Jawa ing pasrawungan. Dene tujuwane panliten yaiku (i) njlentrehake wujud pawadan lan (ii) njlentrehake daya pigunane pawadan basa Jawa ing pasrawungan. Pentinge panliten iki sacara teoritis apadene praktis. Sacara teoritis panliten iki bisa menehi sumbangsih pangerti lan topik kajian ing babagan polaning basa Jawa. Sacara praktis, asiling panliten iki bisa digunakake kanggo ngarahake wong sing nggunakake basa Jawa ing sajrone basa sacara etis utawa pacelathon kang manut ing tatakrama. Panliten iki katintingan kanthi pragmatik. Gegayutan karo tintingan kasebut, kaandharake konsep lan teori yaiku (i) tindak tutur, (ii) tatakramane basa, (iii) pawadan, (iv) wujud pawadan ing wirasabasa, (v) daya pigunane pawadan ing wirasabasa.

Teori sing digunakake ing panliten iki, sing sepisan yaiku saka Alwi (1993: 352) lan Subagyo (2009: 201). Teori saka Alwi lan Subagyo didadekake dhasar kanggo nintingi wujud pawadan ing wirasabasa. Kaloro panliti iku ngandharake yen cakrik sing ana ing titi ukara mujudake jinising ukara, banjur cakrik sing ana ing titi ukara kasebut sabanjure diarani wujud pawadan. Teori kaloro sing digunakake kanggo nintingi daya pigunane pawadan yaiku saka Rahardi. Rahardi (2005:93) nemokake pitulas macem wirasabasa sing ana ing *imperatif*. Pitulas wirasabasa ing *imperatif* iku banjur bisa digunakake kanggo niliti daya pigunane pawadan basa Jawa sing dhatane dijupuk saka pasrawungan. Makna pragmatik sing ana ing *imperatif* cacache pitulas iku, mung ditemokake limalas daya pigunane pawadan.

Panliten iki kalebu panliten *kualitatif* sing gayutan karo tintingan pragmatik. Sumber dhata ing panliten iki yaiku masyarakat Jawa sing nggunakake pawadan nalika sesrawungan. Dhata ing panliten iki yaiku kabeh tuturan basa Jawa sing dianggo sesrawungan ing masyarakat mligine sing mawa pawadan. Instrumen utawa alat pangumpulane dhata sing utama yaiku panliti dhewe. Tata cara ngumpulake dhata sajrone panliten iki nggunakake metode nyemak. Teknik sing digunakake sing sepisan yaiku teknik *sadap* minangka teknik dhasar lan sing kaloro teknik *nyemak* libat cakap, teknik *nyemak* bebas libat cakap lan teknik nyathet minangka teknik lanjutan. cara nganalisis dhatane nggunakake metode *etnografis*, metode *fenomenologis* lan metode *hermeneutis*.

Asile panliten iki yaiku wujud lan daya pigunane pawadan basa Jawa ing pasrawungan. Wujud pawadan sing ana ing panliten iki ana papat, yaiku (i) pawadan tumandang (ii) pawadan pakon tanggap (iii) pawadan sananta sarta (iv) pawada tandang. Dene daya pigunane pawadan sing ana ing panliten iki ana limalas yaiku (i) tuturan sing mawa wirasabasa pakon, (ii) tuturan sing mawa wirasabasa pangatak, (iii) tuturan sing mawa wirasabasa panyuwun, (iv) tuturan sing mawa wirasabasa panjaluk, (v) tuturan sing mawa wirasabasa panjurung, (vi) tuturan sing mawa wirasabasa apus krama, (vii) tuturan sing mawa wirasabasa pambagya harja, (viii) tuturan sing mawa wirasabasa pangajak, (ix) tuturan sing mawa wirasabasa palila, (x) Tuturan sing mawa wirasabasa awe palila (xi) tuturan sing mawa wirasabasa pamenging, (xii) tuturan sing mawa wirasabasa pangarep-arep, (xiii) tuturan sing mawa wirasabasa slamet, (xiv) tuturan sing mawa wirasabasa pamrayoga, sarta (xv) tuturan sing mawa wirasabasa panglulu.

## PURWAKA

Basa iku mujudake saranane pasrawungan. Ora ana critane wong kang srawung ing masyarakat antarane wong siji lan sijine ora nggunakake basa. Lire, ana ing kono ing antarane siji lan sijine mesthi wae mbutuhake imbal wacana utawa cecaturan. Pasrawungane wong Jawa, adate nengenake subasita utawa tatakrama. Saben wong supaya anggone nggunakake basa iku santun lan sopan manut unggah-ungguhing basa mesthi wae kudu mangerteni tata cara lan tata lakune nggunakake basa kanthi becik.

Wong Jawa nduweni sipat andhap asor, amarga manungsa sadhar yen dheweke nduweni kekurangan. Kekurangan iku bisa saka lair lan uga bisa saka anggone sesrawungan. Kekurangan iku bisa ndadekake mangunsa iku nduweni rasa isin, sungkan apa dene wedi. Saliyane iku, wong Jawa uga sadhar yen saben manungsa nduweni kaluwihan, nanging ora yakin yen kaluwihan iku dumunung ing pribadine. Mula saka iku sipat andhap asor tansah dadi sesipating budaya Jawa. Saliyane iku andhap asor uga ana sipat empan papan yaiku anane tumindak nglarasake pribadine ing panggonan lan wektu uga kaanan nalikane padha sesrawungan utamane kanthi sarana basa karo wong sing diajak guneman. Sipat empan papan wis dianggep minangka sesipating budaya Jawa.

Mula ing kene, wong Jawa anggone imbal wacana utawa cecaturan biyasa nggunakake basa-basa kang sinamudana yaiku kanthi ujar manis lan polatan kang sume ing antarane nggunakake pawadan.

Sajrone kagiyatan kang dialami panulis kaya ta maca-maca buku ing perpustakaan universita, ing pirang-pirang jurnal lan uga internet, panliten ora nemokake panliten babagan pawadan. Mula saka iku bisa ditegesi yen pancen pawadan durung ana sing nliiti, kamangka pawadan asring digunakake. Iku kabeh sing njalari pawadan narik kawigaten kanggo diteliti.

Ing kamus baoesastra Jawa, Poerwadarminta (1939:22) ngandharake yen pawadan iku asale saka tembung awad kang tegese kandha ora nyata mung digawe santholan. Banjur pawadan dhewe nduweni teges salah sijine cara utawa tatacarane wong kang guneman marang wong liya supaya katon alus, ora nglarani ati, ora meksa ora ngasorake lan sapanunggalane. Andharan sing ana ing kamus baoesastra Jawa iku mau laras karo panemune para ahli basa. Para ahli basa sing wis nemokake istilah sing saemper karo pawadan yaiku Yule. Yule nemokake *Hedge* (pawadan) minangka istilah sing padha karo pawadan. Yule (1996:95) ngandharake *hedge* minangka teori kerja bebarengan kanthi nggayutake karo anane benteng utawa pager utawa tameng. Miturut panemune mau, tuturan sing ana tamenge utawa pagere utawa wewatesane luwih ora manut anane paugeran-paugeran *prinsip kerja* bebarengan amarga anane watesan iki nduweni guna kanggo pratandha anane ngati-ati.

Rahardi ngandharake menawa panliten lan kajian ing ilmu basa bisa nggunakake patang ancangan yaiku ancangan struktural, ancangan sosiolinguistik, ancangan pragmatik, lan ancangan sosiopragmatik (Rahardi 2009:2). Mesthi wae saka patang ancangan mau bakal

ngasilake asiling panliten kajian lan wewujudan pratelaning basa sing beda-beda. Siji-sijine nduweni pamiji-miji lan kajian sing beda. Mula saka iku, ing panliten iki mung bakal nggunakake ancangan pragmatik.

Kanthi lelandhesan panemune Rahardi mau, ing kene perlu kajian sing mirunggan ing bab pawadan basa Jawa. Sacara mirunggan sing diteliti bab polaning basa kanthi ancangan pragmatik yaiku ing basa Jawa. Kanthi lelandhesan bab iku, panliten kanthi irah-irahan “Wujud lan Daya Pigunane Pawadan Basa Jawa ing Pasrawungan” diadani. Kanthi panliten iki dikarepake saperangane perkara-perkara basa pawadan ing basa Jawa sing rumit, unik, lan maneka warna bisa kawedharake.

Gegayutan karo andharan mau underaning panliten iki yaiku: (1) Kepriye mungguh wujud pawadan basa Jawa ing pasrawungan? (2) Kepriye mungguh daya pigunane pawadan basa Jawa ing pasrawungan?

Adhedhasar underaning panliten kasebut kadudut tujuwan panliten yaiku: tujuwane sacara umum ing panliten iki bisa oleh gegambarane sing lengkap lan objektif ing bab pawadan ing basa Jawa lan tujuwane sacara khusus panliten iki bisaa oleh gegambarane kang lengkap lan objektif ing babagan: (1) wujud pawadan basa Jawa ing pasrawunagan (2) daya pigunane pawadan basa Jawa ing pasrawunagan.

Panliten iki bisa dianggep penting sacara teoritis apadene praktis. Sacara teoritis, panliten iki bisa menehi sumbangsih pangerti lan topik kajian ing babagan polaning basa Jawa. Sacara praktis, asiling panliten iki bisa digunakake kanggo ngarahake wong kang nggunakake basa Jawa ing sajrone basa sacara etis utawa pacelathon kang manut ing tatakrama.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Tindak Tutur

Chaer (2010:26) ngandharake istilah lan teori ngenani tindak tutur dikenalake dening J.L Austin. Austin dhewe yaiku salah sijine guru besar ing universitas Harvard taun, 1956, banjur teori sing asale saka tugas kuliah iku dibukuake dening J.O Urmson (1962). Yul (2006:3) ngandharake yen ta *pragmatik* iku sawijine *studi* ngenani teges sing dituturake dening panutur lan bakal ditegesi dening lawan tutur.

### Tindak Tutur Langsung lan Tindak Tutur Ora Langsung

Nadar (2009:18-19) ngandharake yen tidak tutur diperang dadi loro yaiku tindak tutur langsung lan tindak tutur ora langsung. Tindak tutur langsung yaiku tuturan sing laras karo cakrike ukara. Upamane ukara carita kanggo ngabari, ukara pakon kanggo ngongkon, ukara pangajak kanggo ngajak lan liya liyane. Tindak tutur ora langsung yaiku tuturan sing ora laras karo cakrik ukara, dadi tindak tutur ora langsung nduweni maksud sing maneka warna gumantung *konteks*

### Tata Kramane Basa

Tata kramane basa iku mujudake paugeran-paugeran basa sing digunakake ing masyarakat. Kanthi anane paugeran-paugeran basa dikarepake pangunane basa bisa laras karo tumindake manungsa lan laras karo kaanan kang ana ing sakupenge.

### Etikane Basa

Etika basa luwih nengenake ngenani tumindak utawa tingkah lakune panutur. Masinanborouw (sajrone Chaer 2010:6) ngandharake yen ta basa nduweni daya piguna minangka *sarana kelangsungan interaksi* manungsa ing sajrone masyarakat. Bisa dimangerteni yen ta ing sajrone tumindak kudu dibarengi paugeran-paugeran sing ana ing budaya Jawa. Miturute Gertz (sajrone Chaer 2010:6) cara tumindak ing basa sing manut paugeran-paugeran budaya Jawa iku bisa diarani etika basa utawa tata carane basa.

### Sopane Panganggone Basa

Wong sing guneman sing nggunakake basa kanthi bener lan pener tegese wis bisa nggunakake basa sing cocog karo ragam lan kaanan. Panganggone basa sing becik yaiku panganggone basa sing laras karo ragam, yen panganggone basa sing bener yaiku panggonane cocog karo kaidah (Pranowo 2009:33). Tuladhane nalika kedadeyan guneman ing dalan tegese nggunakake basa informal, semono uga wong sing lagi guneman ing kantor kudu nggunakake basa sing formal. Wong sing guneman kudu bisa nggunakake basa sing sopan utawa basa sing pener yaiku nggunakake basa *formal* nalika ing kantor lan sekolah, semono uga nalika lagi cangrukan lan dolanan, basa sing digunakake basa *informal*.

### Santune Panganggone Basa

Sajrone panganggone basa ana sawijine wangune basa sing santun. Wangune basa sing santun yaiku wangune basa sing ditata dening wong sing guneman dikarepake supaya ora nglarani wong sing ngrungokake. Nalika cecaturan panutur iku kudu bisa njaga omongane, semono uga lawan tutur. Kanthi nggunakake basa, katon yen wong iku nduweni kapribaden sing apik utawa ala. Wong sing nggunakake basa sing santun, bisa ditegesi yen wong iku kapribadene apik. Sawalike yen wong asring nggunakake basa sing ora santun, bisa ditegesi yen wong iku nduweni kapribaden sing ala. Hakikat basa sacara santun yaiku wong sing bisa ngrangani awake dhewe lan awake wong liya, bakal diregani wong liya. Mula yen pengin diregani wong liya kudu nggunakake basa sing santun nalika cecaturan marang lawan tutur.

Andharan sing kaya ngono laras karo andharane Pranowo (2009:33) santun yaiku basa sing bisa ditrima dening lawan tutur kanthi bener. Santun orane wong sing ngomong iku bisa dititiki saka rong perkara, yaiku pamilihing tembung (*diksi*) lan gaya basa. Pamilihing tembung sing pener yaiku nggunakake tembung kanggo ngetokake makna lan maksud ing konteks tartamtu saengga bisa nuwuhake *efek* marang lawan wicara. Kajaba pamilihing tembung, lelewaning basa uga nggambarake dhuwur lan ora santune wong sing lagi cecaturan. Lelewaning basa ora mung digawe kanggo nggampangake maksud panggunane basa nanging kanggo ngetokake kaendahan omongan lan ngalusake basa panutur. Ana pirang-pirang lelewaning basa sing dianggo ngetokake basa santun, lelewaning basa iku antarane *hiperbola*, *perumpamaan*, *metafora*, *eufemisme* lan liya-liyane.

### **Pawadan**

Kaya sing wis diandharake ing ngarep yen pawadan iku nduweni teges salah sijine cara utawa tata carane wong sing guneman marang wong liya supaya katon alus, ora nglarani ati, ora meksa, ora ngasorake lan sapanunggalane (Poerwadarminta 1939:22). Nalika urip ing masyarakat supaya bisa ndadekake wong seneng, ora dimusuhi wong, lan supaya ora ngasorake wong nalika ngomong kudu dibarengi pawadan. Mulane wong Jawa anggone imbal wacana utawa cecaturan biyasa nggunakake basa-basa sing sinamudana yaiku kanthi ujar manis lan polatan sing sume ing antarane nggunakake pawadan.

### **Wujude Pawadan ing Wirasabasa**

Kaya sing wis diandharake ing bab I, yen pawadan durung tau diteliti dening sapa wae. Supaya bisa mangerteni cakrik pawadan ing wirasabasa, kudu digayutake karo cakrike ukara sing diandharake dening Alwi (1993: 352) lan Subagyo (2009: 201). Cakrik sing ana ing titi ukara mujudake jinising ukara sabanjure cakrik sing ana ing titi ukara kasebut diarani wujud pawadan. Wujude pawadan manut andharane mau sing dadi dhasar yaiku (i) pawadan tumandang, (ii) pakon tanggap (iii) sananta, (iv) tandang.

#### Pawadan Tumandang

Cakrik tumandang iku mujudake tumindak utawa salah bawa sing ngandharake kaanane nalar lan pikire tumindak manut tapsirane panutur utawa sikape panutur ing bab apa sing kawedharake. Cakrik tumandang iki uga nuduhane anane pakaryan. Ing tuturan sing ngandhut pawadan iki ana sing nindakake pakaryan yaiku panutur.

#### Pawadan Pakon Tanggap

Cakrik pakon tanggap mujudake tumindak utawa salah bawa sing ngandharake kaanane nalar lan pikire tumindak manut tapsirane panutur utawa sikape panutur ing bab apa sing kawedharake. Cakrik pakon tanggap uga nuduhake wong sing guneman marang wong liya, banjur wong sing dijak guneman dikarepake nudukake pakaryan kanggo wong sing ngajak guneman.

#### Pawadan Sananta

Cakrik sananta mujudake tumindak utawa salah bawa sing ngandharake kaanane nalar lan pikire. Solah bawane yaiku nduweni niat, kerep utawa sedy, ananging sing nduweni niat utawa sedy mau awake dhewe. Mesthi wae isih durung kalakon utawa durung ditindakake jalaran isih awujud niat.

#### Pawadan Tandang

Cakrik tandang iku minangka wewujudane salah bawa sing ngandharane kaanane nalar. Andharane darbe surasa sumedya kareben kelakon, karepe panutur nganggep perlu panindak ing pakaryan, tumrap ing liyan.

### **Daya Pigunane Pawadan ing Wirasabasa**

Ing ndhuwur wis diandharake wujude pawadan, banjur ing kene daya pigunane pawadan. Sadurunge ngancik ing daya pigunane pawadan, kudu luwih dhisik mangerteni daya pigunane tuturan. Chaer (2010: 79) ngandharake yen daya pigunane tuturan cacache ana wolu. Daya piguna tuturan sing cacache wolu diperang dadi loro yaiku saka panutur lan lawan tutur. Yen dideleng saka panutur daya pigunane tuturan ana telu, antarane daya

piguna *deklaratif, interogatif* sarta *imperatife*. Yen dideleng saka lawan tutur dadi lima yaiku daya piguna urun rembug, njawab, sutuju lan nolak, nrima lan nolak sepura sarta nrima lan nolak kritik.

Andharan ing ndhuwur mujudake daya pigunane tuturan, sabanjure daya pigunane pawadan. Daya pigunaning pawadan iki wujud tuturan sing mawa makna semantik utawa wirasabasa. Saka panliten sing wis ditindakake dening Rahardi (2005:93), ditemokake ana pitulas macem daya piguna pragmatik sing ana ing pasrawungan. Pitulas daya pigunane iku banjur bisa digunakake nlinti pawadan basa jawa sing dhatane dijupuk saka pasrawungan.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pakon

Tuturan sing mawa wirasabasa pakon iki, asring digunakake ing pasrawungan. Upamane wong siji mbutuhake wong liya mesthi nggunakake tuturan sing mawa wirasabasa pakon.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pangatak

Ora beda karo tuturan sing mawa wirasabasa pakon, tuturan sing mawa wirasabasa pangatak uga asring digunakake ing pasrawungan. Upamane wong siji mbutuhake wong liya mesthi nggunakake tuturan sing mawa wirasabasa pangatak.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Panjaluk

Tuturan sing mawa wirasabasa panjaluk iki uga asring digunakake wong sing urip ing masyarakat. Tuturan sing kaya ngono digunakake nalika wong njaluk barang utawa njaluk tolong marang wong liya. Tandha sing ana ing tuturan sing mawa wirasabasa panjaluk yaiku tembung *tolong* utawa *njaluk*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Panyuwun

Tuturan sing mawa wirasabasa panyuwun iki uga asring digunakake ing pasrawungan. Sacara stuktural, pawadan sing mawa wirasabasa panyuwun biyasane diwenehi tandha kanthi tandha kesantunan *Tak suwun*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Panjurung

Tuturan sing mawa wirasabasa panjurung umume nggunakake tembung *kudu* minangka *pemerkah* makna. Kadhang kala nggunakake tembung *ayo* lan *kudu* kanggo menahi *penekanan* maksud panjurung kasebut. *Intonasi* sing digunakake kanggo tuturan pawadan sing mawa wirasabasa panjurung, umume luwih banter tinimbang *intonasi* sing digunakake ing pawadan kanthi makna liyane.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Apus Karma

Tuturan sing mawa wirasabasa apus karma iki uga asring digunakake ing pasrawungan. Nalika mbujuk wong liya, supaya ora ketara yen mbujuk, mula nggunakake pawadan. Cak-cakane apus karma ing tuturan yaiku nggunakake tembung *ayo* lan *tolong*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Mikolehake

Tuturan sing mawa wirasabasa mikolehake digunakake nalika ngandhani wong liya sing arep tumindak salah utawa kurang bener. Titikane tuturan sing mawa wirasabasa mikolehake iki yen ing basa Indonesia nggunakake tembung *harap* lan *tolong*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pambagya Harja

Tuturan sing mawa wirasabasa pambagya harja iki digunakake wong nalika nyumanggakake wong liya. Titikane tuturan sing mawa wirasabasa pambagya harja

yaiku tuturan sing nggunakake tembung kesantunan *mangga*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pangajak

Tuturan sing mawa wirasabasa pangajak iki digunakake wong nalika ngajak wong liya. Nalika ngajak wong liya, bisa ngajak tumindak apik lan uga bisa ngajak tumindak ala. Supaya wong sing dijak gelem, kudu nggunakake basa kang alus, mula nggunakake pawadan. Titikane tuturan sing mawa wirasabasa yaiku tembung *ayo*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Palila

Tuturan sing mawa wirasabasa palila iki digunakake nalika njaluk ijin wong liya. Njaluk ijin iku maneka warna wujud, ana njaluk ijin nyila, njaluk ijin liwat lan njaluk ijin liyane. Pawadan kanthi makna njaluk ijin, biyasane diwenehi tandha kanthi nggunakake pratandha kesantunan *oleh*. Pratandha kesantunan kanthi tembung *oleh* digunakake supaya katon alus lan santun.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Awe Palila

Tuturan sing mawa wirasabasa awe palila iki digunakake nalika menahi ijin wong liya. Wong sing seneng menahi ijin, biyasane disenengi wong liya. Tuturan sing mawa wirasabasa awe palila umume nggunakake pratandha kesantunan *mangga*. Makna tembung *mangga* sing ana ing sajrone awe palila karo sing ana ing sajrone pambagya harja iku meh padha.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pamenging

Tuturan sing mawa wirasabasa pamenging digunakake nalika menging wong liya sing dianggep tumindak ora bener lan tandha sing ana ing tuturan yaiku tembung *aja*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pangarep-Arep

Tuturan sing mawa wirasabasa pangarep-arep digunakake wong nalika ndonga. Tuturan iku mau nggunakake pratandha kesantunan *muga-muga*. Kanthi ndonga panutur nduweni karep supaya apa sing dikarepake bisa kelakon

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pangundhat-Undhat

Tuturan sing mawa wirasabasa pangundhat-undhat di gunakake nalika wong iku nesu marang wong liya. Titikane tuturan sing mawa wirasabasa pangundhat-undhat yaiku tetembungan sing ala kaya ta misuh.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Slamet

Tuturan sing mawa wirasabasa slamet digunakake nalika menahi slamet wong liya sing lagi seneng, ala rizki, slamer saka bebaya lan liya-liyane. Pratandha tuturan sing mawa wirasabasa slamet yaiku *slamet*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pamrayoga

Tuturan sing mawa wirasabasa pamrayoga iki digunakake nalika mrayogakake wong liya. Sacara stuktural, tuturan sing mawa wirasabasa pamrayoga iki biyasane diwenehi tandha, tandha sing digunakake yaiku tembung *kudune* lan *apike*.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Panglulu

Tuturan sing mawa wirasabasa panglulu digunakake nalika nglulu wong liya sing ora kena dikandhani. Tuturan sing mawa wirasabasa iki upamana ngongkon lawan tutur supaya nglakoni apa sing dikongkon, nanging sejatine iku ora diolehi utawa dipenging.

## Lelandhesan Teori

Teori sing digunakake ing panliten iki, sing sepisan yaiku saka Alwi lan Subagyo. Alwi (1993: 352) ngandharake ngenani ukara yen dideleng saka wujud ukara bisa diperang antarane (i) ukara carita (ii) ukara pakon, (iii) sabawa, sarta (iv) pitakon. Semono uga Subagyo (2009: 201) ngandharake wujud ukara katiti saka cakrik lan jinising tembung ing ukara kena kapilah dadi pirang-pirang warna, yaiku (i) ukara carita (ii) ukara pakon, (iii) sabawa, sarta (iv) pitakon. Teori saka Alwi lan Subagyo bakal didadekake dhasar kanggo nintingi wujud pawadan ing wirasabasa. Kaloro panliti iku ngandharake yen cakrik sing ana ing titi ukara mujudake jinising ukara, banjur cakrik sing ana ing titi ukara kasebut sabanjure diarani wujud pawadan.

Teori kaloro sing digunakake kanggo nintingi daya pigunane pawadan yaiku saka Rahardi. Rahardi (2005:93) nemokake pitulas macem daya piguna wirasabasa sing ana ing *imperatif*. Pitulas daya pigunane wirasabasa ing *imperatif* iku banjur bisa digunakake nlinti daya pigunane pawadan basa Jawa sing dhatane dijupuk saka pasrawungan. Daya pigunane wirasabasa sing ana ing *imperatif* cacahé pitulas iku, mung ditemokake limalasa daya pigunane pawadan.

## METODHE PANLITEN

### Rancangan Panliten

Ing panliten iki nggunakake rancangan panliten *kualitatif*. Moleong (2011:06) ngandharake yen panliten *kualitatif* yaiku panliten sing ngasilake tata carane nganalisis sing ora nggunakake tata cara analisis *statistik* utawa cara *kuantifikasi* liyane. Titikan saka panliten *kualitatif* iki nduweni sipat sing alamiah yaiku basa sing isih urip lan ora dimanipulasi. Panliten iki asli, bener-bener panliten saka lapangan sing informane yaiku manungsa. Banjur dhata panliten iki awujud *ideografis*, tegese yaiku dhata sing dudu angka, *nomologis* sarta *nomeris*. Tata carane nganalisis dhata nggunakake *etnografis* dudu analisis statistik.

### Sumber Dhata lan Dhata

#### Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku subjek kang nuduhake asal usule dhata (Arikunto, 2006:172). Sumber dhata panliten iki yaiku pawongan utawa masyarakat Jawa sing nggunakake pawadan nalika sesrawungan. Sacara mirunggan pawadan ing masyarakat awujud tuturan lan asring digunakake sajrone pasrawungan lan nduweni sipat *situasional*. Ora mung iku wae, pawadan uga ngandhut tuturan-tuturan sing sipate langsung utawa ora langsung. Tuturan iku mujudake kadadeyan tuturan utawa *konteks* ing pawadan.

#### Dhata

Dhatane panliten iki saka kabeh tuturan basa Jawa sing dianggo sesrawungan ing masyarakat. Tuturan-tuturan sing ana ing kono akeh lan maneka warna sarta ngandhut pawadan. Dhata kajian sing dimaksud yaiku bahan dadi panulisan, dudu bahan mentah panulisan. Minangka bahan dadi panulisan, dhata kajian kudu nduweni *kualifikasi* sing bener-bener siyap dikenake metode lan teknik-teknik analisis dhata.

## Instrumen Panliten

Panliten *kualitatif* sing mirunggan ngrembug babagan wujud lan daya pigunane pawadan. Ing panliten iki minangka instrumen panliten yaiku panliti iku dhewe. Ing panliten iki panliti tumindak minangka instrumen sebab panliten iki kalebu panliten *kualitatif* lan uga panliti minangka penutur asli basa Jawa sing nggunakake pawadan.

### Pangumpule Dhata

Ana ing panliten iki, panliti nggunakake cara “metode” sing biyasa digunakake panliten-panliten liya. Ing sajroning panlitene basa sacara pragmatik yaiku kanthi cara “metode” nyemak, “metode” cakap, “metode” panitik “metode” survey. Metode nyemak yaiku metode sing ditindakake kanthi nyemak, tegese nyemak panggunane basa (Sudaryanto 1993:133). Kunjana (2009:34) ngandharake yen metode nyemak yaiku metode pangumpulane dhata sing ditindakake kanthi cara nyemak panganggone basa sing satemene. Mahsun (2005:90) metode nyemak yaiku metode sing digunakake kanggo ngolehake dhata ditindakake kanthi cara nyemak panggunane basa.

Istilah nyemak ing kene ora mung gegayutan karo panggunane basa sacara lisan, nanging uga bisa nggunakake basa tulis. Metode sing digunakake ing panliten iki yaiku metode nyemak. Panliti nggunakake metode nyemak, amarga pangumpulane dhata dilakoni kanthi cara nyemek. Sing diarani pangumpule dhata kanthi cara nyemak yaiku nalika ngumpulake dhata panliti nyemak apa wae sing diomongake panutur.

### Panintinge Dhata

Panintinge dhata ing panliten *kualitatif etnografis*, wujud lan daya pigunane pawadan nggunakake tintingan *etnografis*, tintingan *fenomenologis* lan tintingan *hermeneutis*. Sawise dilarasake, panintinge dhata tetelu mau dianggo nintingi dhata panliten iki. Tata cara panggunane tetelune mau bisa katiti saka langkah-langkah panintinge. Dhata iku kadadeyan saka:

- (1) Panelaah lan pamilahe dhata.
- (2) Panitike dhata lan pangumpule dhata.
- (3) Pamerange lan panjinise dhata.
- (4) Panapsire lan panintinge dhata.

### Tatacarane Panyuguhe Asile Panliten

Asile nintingi dhata sing arupa temuan panliten sing minangka jawaban saka underaning panliten sing arep diwedhari, kudu disuguhake kanthi wujud teori. Sajrone nyuguhake asile panliten kasebut, ana rong metode sing bisa digunakake, metode kasebut yaiku metode *formal* lan metode *informal* (Mahsun, 2005:255).

Asile panintinge dhata ing panliten utawa *studi* wujud lan daya pigunane pawadan basa Jawa ing pasrawungan iki disuguhake kanthi nggunakake metode *informal*. Mula saka iku bisa dikandhakake yen asile temuan saka panliten iki arupa wujud pawadan lan daya pigunane pawadan disuguhake ing tembung-tembung sing asipat teknis.

Panyuguhe asile panintinge dhata diwiwiti *Purwaka* minangka Bab I. Sabanjure Bab II diwiwiti *Tintingan Kapustakan*. Sing sateruse yaiku *Metode Panliten* ing Bab III. Bab sing isine andharan wujud lan daya

pigunane pawadan basa Jawa ing Pasrawungan disuguhake ana ing Bab IV. Sing pungkasan yaiku panutup sing ana ing Bab V.

## ANDHARAN

### Wujude Pawadan ing Wirasabasa

#### Pawadan Tumandang

Cakrik tumandang iku mujudake tumindak utawa solah bawa sing ngandharake kaanane nalar lan pikire tumindak manut tapsirane panutur utawa sikape panutur ing bab apa sing kawedharake. Cakrik tumandang iki uga nuduhane anane pakarya. Ing tuturan sing ngandhut pawadan iki ana sing nindakake pakaryan yaiku panutur. Tuturan sing ngandhut wujud pawadan bisa digatekake ana ing ngisor iki.

(1) Lusi : *Paling* ngangur, mene tak ewangi Nis.

Tunis : Iya Mbak.

Konteks:

Tuturan iku dikandhakake Mbak marang adhike. Mbake arep ngewangi adhike nyanja, amarga mbake nganggur. Nalika ngomongi mbake bibar mepe jagung.

#### Pawadan Pakon Tanggap

Cakrik pakon tanggap mujudake tumindak utawa solah bawa sing ngandharake kaanane nalar lan pikire tumindak manut tapsirane panutur utawa sikape panutur ing bab apa sing kawedharake. Cakrik pakon tanggap uga nuduhake wong sing guneman marang wong liya, banjur wong sing dijak guneman dikarepake nandukake pakaryan kanggo wong sing ngajak guneman.

(2) Jabar : *Mbokmenawa* wis mari ditlaktor, tandurana.

Marpik: Iya, mengko awan paling mari.

Konteks:

Tuturan iku dikandhakake wong lanang marang bojone. Wong lanang iku ngomongi bojone, kanthi ngomongi iku mau dikarepake bojone gelem nandur. Kadadeyan iku ana ing sawah nalika lagi nlaktor dikarepake bojone gelem nandur.

#### Pawadan Sananta

Cakrik sananta mujudake tumindak utawa solah bawa sing ngandharake kaanane nalar lan pikire. Solah bawane yaiku nduweni niat, kerep utawa sedy, ananging sing nduweni niat utawa sedy mau awake dhewe. Mesthi wae isih durung kalakon utawa durung ditindakake jalaran isih awujud niat. Niyat utawa sanata sing awujud tuturan, bisa digatekake ana ing ngisor iki.

(3) Muri : *Ealah* Guk-Guk, kok sampeyan nyanja bareng aku, aku ya arep nyanja mengko.

Tole : Iya, nyanjaa nggonmu dhewe, ora usah ngewangi aku.

Konteks:

Tuturan iku dikandhakake wong lanang marang dulure. Wong lanang iku mau ngomongi dulure yen uga arep nyanja. Kadadeyan iku ana ing omahe panutur nalika dulure iku mau arep nyila gejig.

#### Pawadan Tandang

Cakrik tandang iku minangka wewujudane solah bawa sing ngandharake kaanane nalar. Andharane darbe surasa sumedya kareben kelakon, karepe panutur

nganggep perlu panindak ing pakaryan, tumrap ing liyan. Tuturan panutur sing nganggep perlu nindakake pakaryan, bisa digatekake ana ing ngisor iki.

(4) Malip : Mbok *yen* wis ora digawe, timbane tagawane mulih.

Marpik : Iya gawane mulih Cung.

Konteks:

Tuturan iku dikandhakake anak marang ibune. Anake ngomong marang ibune, yen barange arep digawa mulih, amarga anake nganggep yen nggawa timba mulih.

### Daya Pigunane Pawadan ing Wirasabasa

Daya pigunane pawadan uga bisa diteliti utawa uga bisa dianalisis kaya panlitene Rahardi. Saka panliten sing wis ditindakake dening Rahardi (2005:93), ditemokake ana pitulas macem daya piguna pragmatik sing ana ing pasrawungan. Pitulas daya pigunane iku banjur bisa digunakake nlinti pawadan basa jawa sing dhatane dijupuk saka pasrawungan, ananging ing panliten iki mung nemokake limalas daya pigunane pawadan.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pakon

Wong urip ing masyarakat iku ora bisa dhewe, mesthi mbutuhake wong liya. Nalika panutur ora bisa nglakoni, mesthi ngonkon wong liya supaya bisa ngewangi dheweke lan nalika ngongkon kudu nggunakake tetembungan sing sopan, mula saka iku pawadan digunakake. Tuturan sing mawa wirasabasa pakon bisa digatekake ana ing ngisor iki.

(1) Jabar : *Cung, mbokmenawa* dolan menyang kancamu, pacul iki kenthengna ya?

Malip : Iya pak, mengko tak cangkine yen aku budhal.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake bapak marang anake. Bapak ngongkon anake ngentengake pacule menyang tukang pandhe sing ana ing desa liya. Kadadeyan iku ana ing omah, nalika anake arep dolan menyang kancane.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pangatak

Tuturan sing mawa wirasabasa pangatak, digunakake panutur nalika ngongkon wong liya nyoba samubarang sing dikarepake panutur. Tuturan sing mawa wirasabasa pangatak bisa digatekake ana ing ngisor iki.

(2) Jumain: Lip, *beke* dolan menyang Jombang, coba takokna ana ora bibit P11.

Malip : Iya Guk, nanging mengko wae.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake bocah marang kancane. Bocah iku ngomong yen ngongkon nakokake kancane ngenani bibit jagung sing ana ing pertanian Jombang. Kadadeyan iku ana ing omahe kancane nalika kancane arep budhal dolan.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Panjaluk

Tuturan sing mawa wirasabasa panjaluk, digunakake nalika wong njaluk tolong marang wong liya. Supaya wong sing dijaluki tolong utawa sing dijaluki barang gelem menahi lan gelem nglakoni, kudu nggunakake tetembungan sing alus. Tetembungan sing alus mau bisa diarani pawadan. Tuturan sing mawa wirasabasa panjaluk bisa digatekake ana ing kene.

- (3) Jumain: Guk *mbokmenawa* nlaktor sawah pinggir nggonaku, tolong nggonanku pisan ya?

Andhik: Iya Cung, tapi ngenteni sawah iki mari.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong lanang marang tanggane sing nduwe tlaktor. Wong lanang iku mau njaluk tolong tanggane, nlaktor sawahe. Kadadeyan iku ana ing sawah nalika nlaktor nggone wong liya.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Panyuwun

Kita nalika urip ing sajrone masyarakat mesthi mbutuhake wong liya. Mula saka iku kita kudu nggunakake tetembungan sing alus nalika ngrayu utawa nalika kita nyuwun tolong marang wong sing kita butuhake. Tuturan sing mawa wirasabasa panyuwun digatekake ana ing ngisor iki.

- (4) Tamisri : *Mbokmenawa* nlaktor, tak suwun aja diliwatna sawahku Guk.

Sarwi : Iya Ndhuk.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong wadon marang tanggane. Wong wadon iku nyuwun tanggane yen nlaktor ora diliwatna sawahe, amarga yen diliwatna sawahe bakal ngrusak tandurane.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Panjurung

Tuturan sing wirasabasa panjurung iki digunakake panutur nalika nggupuhi lawan tutur, supaya lawan tutur cepet-cepe nglakoni apa sing dikarepake panutur. Tuturan sing mawa wirasabasa panjurung bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (5) Jabar : Cung dhedherane *kudune* ndang digulung ben ora alum.

Malip : Iya pak, tak golek godhong dhisik.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake bapak marang anake. Bapak nggupuhi anake, supaya cepet-cepet nggulung dhedheran. Yen dhedherane ora digulung, bakal alum.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Apus Krama

Tuturan sing mawa wirasabasa apus krama digunakake wong nalika mbujuki wong liya. Supaya katon santun nalika mbujuki lan ora konangan, mula kudu nggunakake pawadan. Tuturan sing mawa wirasabasa apus krama bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (6) Jakiman : Paklik *mbokmenawa* nanem mbako, sing menila gedhe wae ben oleh akeh.

Kanari : Iya tak icirane menila gedhe.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake ponakan marang palike. Wong iku mbujuki palike yen nanem mbako menila gedhe iku oleh akeh lan pranyata uga oleh akeh, ananging rasane enak sing menila gedhe.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pambagya Harja

Tuturan sing mawa wirasabasa iki digunakake nalika wong iku nyumanggakake wong liya njupuk barange, liwat omahe, nyilah barange lan liya-liyane. Tuturan sing mawa wirasabasa pambagya harja bisa digatekake ana ing kene.

- (7) Silan : *Mbokmenawa* nyanja, mangga njupuk lema iki gawe linet.

Suprat : Iya Cung, matur nuwun.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong lanang marang dulure. Wong lanang iku nyumanggakake dulure njupuk lema ing tegalane yen arep digawe linet.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pangajak

Tuturan sing mawa wirasabasa pangajak digunakake wong nalika ngajak wong liya. Supaya wong sing dijak gelem melu utawa nurut, wong sing ngajak kudu nggunakake tetembungan sing alus nalika ngajak. Tuturan sing mawa wirasabasa pangajak, bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (8) Usman: Guk mengko sore *beke* menyang sawah lore omah, ayo budhal bareng.

Jabar : Iya Cung, mengko aku ya menyang sawah lore omah.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong lanang marang misanane. wong ngajak misanane budhal bareng menyang sawah, amarga sawahe cedhak mula bisa budhal bareng.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Palila

Tuturan sing mawa wirasabasa palila iki, digunakake wong nalika njaluk ijin marang wong liya. Wong njaluk ijin iku maneka warna jinise, ana sing njaluk ijin melu, liwat nyila lan liya-liyane. Supaya wong sing dijaluki ijin gelem menahi ijin kudu nggunakake tetembungan sing sopan lan alus, mula pawadan dicakake. Tuturan sing mawawirasa basa palila bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (9) Alfin : Bapak, *menawa* kecrik tegal mburi omah, oleh ya aku melu?

Jamin : Iya ora apa-apa, tapi aja nganti kena jagunge.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake anak marang bapak. Anak njaluk ijin bapak melu kecrik ing mburi omah. Anake iku isih kelas enem lan kadadeyan iku ana ing omah pas bapak arep budhal ngecriki.

#### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Awe Palila

Tuturan Sing Mawa Wirasabasa awe Palila iki nduweni teges sing meh padha karo pambagya harja, padha-padha nyumanggakake wong sing pengin nyila, njaluk tolong lan liya liyane. Tetembungan sing digunakake yaiku tetembungan sing ngandhut pawadan, supaya wong sing disumanggakake ora cilik ati. Tuturan sing mawa wirasabasa awe palila bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (10) Enok : *Menawa* ngusung jagung, mangga sampeyan liwat kene wae supaya cepet.

Silin : Iya, matur nuwun.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong wadon marang misanane. wong wadon iku nyumanggakake misanane liwat omahe wae, supaya bisa cepet tekan omahe. Kadadeyan iku ana ing omahe wong wadon iku.

### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pamenging

Tuturan sing mawa wirasabasa pamenging digunakake nalika menging wong liya. Wong nalika menging wong liya mensthi nduweni alasan. Biyasane alasane wong menging wong liya amarga wong liya iku dirasa ngrugekake wong sing menging iku mau. Tuturan sing mawa wirasabasa pamenging bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (11) Siti : *Mbokmenawa* ngobong damen,  
aja cedhak pariku Cung.  
Yusan : Iya Mbok, tak obong ing tengah sawahku.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong wadon marang ponakane. Wong wadon iku mau menging ponakane ngobong damen cedhak-cedhak sawahe, amarga parine durung dipeki, kuwatire kena genine.

### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pangarep-Arep

Tuturan sing mawa makna wirasabasa pangarep-arep, digunakake wong nalika ngarep-arep becik teka lan ala saya adoh. Pangarep-arep asring dicakake wong nalika sesrawungan. Tuturan sing mawa wirasabasa pangarep-arep kanthi nggunakake pawadan bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (12) Tumini : *Ketoke* arep udan, muga-muga  
parine ora rubo Guk.  
Marikan : Iya Makne, muga-muga wae.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong wadon marang bojone. Wong wadon iku ngomong karo ndonga supaya ora udan, amarga yen udan parine bakal rubo.

### Tuturan ing Mawa Wirasabasa Slamet

Tuturan sing mawa wirasabasa slamet iki asring digunakake wong nalika ngerti wong liya oleh rizki utawa wong sing lagi slamet saka bebaya. Gegambarane bisa dideleng saka tuturan sing mawa wirasabasa selamat kaya ing ngisor iki.

- (13) Saji : *Katone* bibar banjir, slamet wae  
Guk damene ora kentir.  
Jabar : Iya, untung wae, ora katot Cung.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong lanang marang tangga sawah. Wong lanang iku menahi slamet marang tanggane ing sawah amarga damen sing arep digawe gubug ora katot kentir.

### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Pamrayoga

Tuturan Sing Mawa Wirasabasa Pamrayoga digunakake nalika mrayogakake wong liya, supaya bisa saya apik. Nalika mrayogakake wong liya tetembungan sing digunakake uga tetembungan sing alus, supaya wong ora ndakekake masalah tumrap wong liya. Tuturan Sing Mawa Wirasabasa Pamrayoga bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (14) Yaseman : Paklik To *mbokmenawa* nlaktor,  
kudune nggonanmu ya ditlaktor  
pisan supaya cepet mari.  
Jumain : Iya kudune ngono.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake mas marang adhike. Mase mrayogakake adhike nlaktor sawahe mesisan,

supaya cepet mari amarga tlaktore pas ing sawahe palike sing ana ing pinggire sawahe.

### Tuturan sing Mawa Wirasabasa Panglulu

Tuturan sing mawa wirasabasa panglulu digunakake wong nglulu wong liya sing dianggep ndableg, mokong, mbethik lan wong sing nakal. Nalika nglulu, kaya-kaya ngongkon nanging sejatine menging lan uga kaya-kaya menging nanging sejatine ngongkon. Iku kabeh kudu nggunakake tetembungan pawadan supaya ora nglarani atine wong sing dilulu. Tuturan sing mawa wirasabasa panglulu bisa digatekake ana ing ngisor iki.

- (15) Sanun : *Mbokmenawa* kok dhisel, entekna  
pisan banyune, ben wong-wong ora  
bisa nyiram mbako.

Sabar : Iya iya.

Konteks:

Tuturan iki dikandhakake wong lanang marang tanggane. Wong lanang nglulu tanggane iku mau amarga tanggane seneng ndhisel tanpa mikir wong liya.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

Dudutan kang ana ing kene kajupuk saka panliten sing kaandharake ing bab IV. Sing sepisan wujud pawadan sing ana ing panliten iki yaiku (i) cakrik tumandang, (ii) cakrik pakon tanggap, (iii) cakrik sananta sarta (iv) tandang. Sing kaloro daya pigunane pawadan. Daya pigunane pawadan sing ana ing panliten iki ana himalas, antarane (i) tuturan sing mawa wirasabasa pakon, (ii) tuturan sing mawa wirasabasa pangatak, (iii) tuturan sing mawa wirasabasa panyuwun, (iv) tuturan sing mawa wirasabasa panjaluk, (v) tuturan sing mawa wirasabasa panjurung, (vi) tuturan sing mawa wirasabasa apus krama, (vii) tuturan sing mawa wirasabasa pambagya harja, (viii) tuturan sing mawa wirasabasa pangajak, (ix) tuturan sing mawa wirasabasa palila, (x) Tuturan sing mawa wirasabasa awe palila (xi) tuturan sing mawa wirasabasa pamenging, (xii) tuturan sing mawa wirasabasa pangarep-arep, (xiii) tuturan sing mawa wirasabasa slamet, (xiv) tuturan sing mawa wirasabasa pamrayoga, sarta (xv) tuturan sing mawa wirasabasa panglulu.

### **Pamrayoga**

Gegayutan karo tumindaya lan asiling panliten bisa kaandharake pamrayoga sing gayut karo panliten sateruse lan piwulang basa Jawa kaya ta:

- (1) Panliten iki lagi nitik, nalisik, lan nлити babagan wujud lan daya pigunane pawadan basa Jawa ing pasrawungan. Dhatane panliten iki dikumpulake saka kadadayan lan tumindake basa Jawa ing tuturan lan kadadeyane wong ing pasrawungan sabendinane. Mula saka iku mesthi wae kabeh kadadayan lan kaanane basa Jawa sing lumaku ing pasrawungan durung bisa kagarba lan durung bisa kadhudhuk lan kadhudha. Gayut karo bab iku perlu diadani panliten sateruse kaya ta ing bab (i) tata lakune panganggone wujud pawadan ing basa Jawa (ii) perkara-perkara kang dadi pepalahane wong sing nggunakake basa ing pasrawungan sabendinane sing disebabake anggane ngecakake



lan orane wujud pawadan ing basa Jawa. Gayute pawadan ing bsa Jawa karo unggah-ungguhi basa lan budaya. Panliten sateruse sing mirunggan iki kaajab lelandhesan dhatane panliten sing dikumpulake saka tatarane wilayah sing luwih jembar ora mung winates tutuan ing pasrawungan.

- (2) Asiling panliten iki kaajab laras karo ancangan pragmatik, *etnografis* lan wirasabasa ing basa Jawa. Mula saka iku asiling panliten iki bisa digunakake kanggo bahan kuliah ing mata kuliah-kuliah basa ing jurusan basa lan sastra Jawa. Mala-mala asiling panliten iki bisa digunakake kanggo bahan piwulang wirasabasa Jawa ing sekolah-sekolah.

## KAPUSTAKAN

Alwi, Hasan. Et al. 2003. *Tata Baku Bahasa Indonesia*. Edisi ketiga. Jakarta: Balai Pustaka.

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta.

Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2010. *Sosiolingustik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Remaja Raja Grafindo Persada.

Moleong, Lexy J. 2011. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

Nadar, F.X. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.W.Wolters' Uitgevers Maatschappij N.V.

Pranowo. 2009. *Berbahasa Secara Santun*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik*. Jakarta: Penerbit Erlangga.

Rahardi, Kunjana. 2009. *Sosiopragmatik*. Jakarta: Penerbit Erlangga.

Subagyo, Rahmad. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: UNESA PRESS.

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisi Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Yule, George. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.



**UNESA**

**Universitas Negeri Surabaya**